

■■■ Kijan Pou Ajoute Yon Kou sou Incogia Learning

Byenveni sou Incogia Learning! Si ou se yon enstriktè epi ou pare pou pataje konesans ou ak kominote a, men kijan ou ka ajoute yon kou sou platfòm la fasilman.

■ Sit entènèt: www.incogialearning.com

■ 1. Konekte ak Kont Enstriktè Ou

- Ale sou www.incogialearning.com
- Klike sou "Konekte" epi antre enfòmasyon ou yo pou aksede kont ou.
- Si w poko gen kont, enskri kòm Enstriktè epi ranpli tout detay yo.

■ 2. Kreye Yon Nouvo Kou

- Apre ou fin konekte, ale nan tablodò ou (Dashboard).
- Klike sou "Ajoute Nouvo Kou".

■ 3. Ranpli Enfòmasyon Sou Kou a

- Tit Kou a: Mete yon tit ki klè, kout, e atiran.
- Kategori: Chwazi kategori ki pi apwopriye a.
- Deskripsyon: Ekri yon deskripsyon klè sou sa elèv yo ap aprann.
- Nivo: Chwazi nivo kou a (Debutan, Entèmedyè, Avanse).
- Lang: Endike lang ou ap itilize nan kou a.

■ 4. Mete Videyo Entwodiksyon Kou a

- Entwodiksyon kou a dwe yon videyo epi li obligatwa.
- Videyo sa a dwe GRATIS pou tout vizitè sou sit la, menm si yo pa achte kou a.
- Si w ap itilize YouTube pou mete videyo yo, chwazi opsyon "Unlisted" pou evite videyo a parèt piblik sou YouTube, men li toujou disponib sou platfòm la.

■ 5. Ajoute Modil ak Leson

- Divize kou ou an seksyon oswa modil.
- Ajoute chak leson avèk:
 - Videyo
 - Tèks oswa PDF
- Kesyon oswa tès si sa nesesè
- Chak leson ka gen yon deskripsyon pou bay elèv plis detay.

■ 6. Mete Pri Kou a

- Chwazi si kou a se gratis oswa pou vann.
- Mete pri a klè si li peye, epi tcheke tout detay peman yo.

■ **7. Soumèt Kou a pou Revizyon**

- Revize tout sa ou mete.
- Klike sou "Soumèt pou Revizyon".
- Kou ou ap verifye pa ekip Incogia Learning epi ap pibliye sou sit la apre validasyon.

■ **Rekomandasyon Enpòtan**

- Videyo YouTube yo dwe mete kòm "Unlisted", pa mete yo kòm "Public" oswa "Private".
- Entwodiksyon kou a dwe GRATIS epi vizib pou tout moun sou paj kou a.
- Asire w ke tout videyo ou yo gen bon kalite son ak imaj pou ofri yon eksperyans pwofesyonèl.

Pou nenpòt kesyon oswa sipò teknik, ou ka kontakte ekip Incogia Learning dirèkteman sou sit la.

Incogia Learning – More than community, more than learning.
www.incogialearning.com